



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



A. EGZEKISYON AK SIPÈVIZYON

Yon ajan spesifik COVID-19 sou chantye a (ki kapab tou Ofisyè ki responsab Sante ak Sekirite) pral deziyen pou chak chantye sof nan ka ki prevwa anba pou konstriksyon ak renovasyon nan rezidans 1-3 fanmi

Sof sa ki prevwa anba pou konstriksyon ak renovasyon nan rezidans 1-3 fanmi, ofisyè pwojè spesifik COVID-19 sou chantye kontraktè a pral soumèt yon rapò alekri chak jou bay Reprèzantan pwopriyete a. Ofisyè COVID-19 la pral sètifye ke kontraktè a ansanm avèk tout sou-kontraktè yo an plen konfòmite avèk seksyon B a D, enklizivman (Gid sou Sekirite Konstriksyon "COVID-19")

Pou gwo pwojè konstriksyon, konplike yo yon vil oswa vilaj ka egzije Pwopriyete a anplis pou elabore ak soumèt yon analiz risk spesifik sou chantye a ak yon plan sekirite amelyore sou COVID-19, sa ki kapab gen ladan lòt egzijans pou adrese risk spesifik nan pwojè a oswa kalite pwojè. Vil la oswa vilaj la ap egzamine ak apwouve plan sa e li ka egzije kalite pwojè sa pou sispann konstriksyon an jiskaske yo soumèt ak apwouve yon risk sou analiz ak plan. Depi yon plan sekirite amelyore COVID-19 fin apwouve, yo pral trete yon vyolasyon nan plan an menm jan avèk yon vyolasyon nan Gid sou Sekirite Konstriksyon COVID-19

Pou tout pwojè yo antreprann yo ki jere oswa finanse pa yon ajans eta oswa otorite pral gen yon responsablite aplikasyon konjwen ant pwopriyete piblik pwojè a ak vil oswa vilaj la kote pwojè a lokalize. Pwopriyete yon pwojè piblik gen responsablite prensipal pou konfòmite ak ranfòsman sa ki gen ladan enspeksyon souvan sou chantye pa yon anplwaye oswa kontraktè nan ajans eta oswa otorite ki abitye avèk Gid sou Sekirite Konstriksyon COVID-19 e li otorize pou ranfòse gid sa ak fèmen travay sou chantye a si yo te jwenn vyolasyon. Pwopriyete pwojè a gen obligasyon pou enfòmè minisipalite a kote travay la ap fèt kèlkeswa lè yon chantye fèmen oswa lè gen nenpòt vyolasyon nan Gid sou Sekirite Konstriksyon COVID-19 ak plan daksyon korektif, ansanm avèk pou bay kopi nan rapò alekri chak jou Ofisyè COVID-19 la sou demann. Pandanke pwopriyete piblik la gen responsablite prensipal pou aplikasyon, vil ak vilaj yo kenbe otorite pou pran aksyon aplikasyon kont pwojè piblik yo pa jwenn an konfòmite avèk Gid sou Sekirite Konstriksyon COVID-19, sa ki gen ladan otorite pou mande pou pwojè a fèmen jiskaske yo devlope yon plan daksyon korektif, ki apwouve ak enpleman

Vil ak vilaj yo otorize pou ranfòse Gid sou Sekirite Konstriksyon COVID-19 nan itilize anplwaye sante piblik, enspektè bilding yo oswa nenpòt lòt ofisyèl oswa kontraktè apwopriye

Vil ak vilaj yo ka ranfòse sekirite ak pwotokòl distans enkli, si yo jwenn plizyè vyolasyon, egzije Pwopriyete ak/oswa Kontraktè a pou garanti sekirite chantye a ak mete poz nan aktivite konstriksyon an jiskaske yo prepare yon plan daksyon koreksyon, soumèt ak apwouve pa vil oswa vilaj la

Vil oswa vilaj la ka mande Pwopriyete yon gwo pwojè prive konplike pou peye pou yon konpayi enspeksyon endepandan, tyès pati oswa konpayi enspeksyon (oswa pou peye nan yon gwoup pou peye pou enspeksyon sa yo). Enspektè tyès pati a pral responsab sèlman nan vil oswa vilaj la e li pral responsab pou aplikasyon nan non vil oswa vilaj la. Yon vil oswa vilaj ka bezwen pwojè prive pou poze konstriksyon an jiskaske yo te sekirize yon enspektè tyès pati



B. PWOTEKSYON SANTE ANPLWAYE

ZEWOU TOLERANS POU TRAVAYÈ MALAD KI ALE TRAVAY. SI OU MALAD, RETE LAKAY OU! SI OU SANTI W MALAD, ALE LAKAY OU! SI OU WÈ YON MOUN MALAD, VOYE YO LAKAY OU!

Si ou prezante nenpòt nan sentòm yo ki anba, ou dwe rapòte sa bay sipèvizè w (pa telefòn, tèks oswa imèl) imedyatman, epi ale lakay ou soti nan chantye a oswa rete lakay ou si ou deja la

Si ou remake yon kòlèg montre siy oswa plenyen sou kalite sentòm sa yo, yo ta dwe dirije l bay sipèvizè l (pa telefòn, tèks oswa imèl) epi mande pou kite chantye a imedyatman

Sentòm Jeneral COVID-19 gen ladan fyèv, tous, souf kout ak malgòj

Oto-sètifye anvan chif travay la

Anvan ou kòmanse yon chif travay la, chak anplwaye pral sètifye bay sipèvizè yo ke yo:

- Pa gen yon siy fyèv oswa yon tanperati mezire ki piwo pase 100.3 degre oswa pi elve yon tous oswa difikilte pou respire nan dènye 24 èdtan yo
- Pa t gen "kontak pwòch" avèk yon moun ki te dyagnostike avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, rete nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou apeprè 15 minit, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje veso, touse sou) yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun sa pa gen sentòm
- Doktè oswa otorite sante piblik pa t mande pou izole tèt ou oswa pou rete an karantèn

Yo dwe mande anplwaye yo ki montre sentòm oswa ki pa kapab sètifye pou yo kite chantye travay la epi chèche atansyon medikal ak pou yo fè tès nan men pwofesyonèl swen sante yo. Yo pa dwe retounen nan chantye travay la jiskaske yon pwofesyonèl medikal otorize yo



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



B. PWOTEKSYON SANTE ANPLWAYE

Yon Gid Jeneral nan travay pou Anpeche Ekspozisyon & Limite Transmisyon Viris la

- Pa gen bay lamèn
- Lave men w souvan avèk savon pou omwen 20 segonn oswa itilize yon dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% etanòl oswa 70% izopwopànòl
- Biwo Rejyonal Ajans Eta ak Kontraktè yo fèmen pou tout moun men pèsònèl ki otorize a
- Chak chantye travay ta dwe devlope pwosedi dekontaminasyon ak netwayaj ki afiche ak pataje. Pwosedi sa yo dwe kouvri tout zòn yo sa ki gen ladan trelè, baryè, ekipman, veyikil nan tout pwèn antre yo nan chantye yo, ak nan tout chantye pwojè a
- Yon règleman "Pa gen Kongregasyon " anvigè, moun yo dwe aplike distans sosyal lè yo kenbe yon distans minimòm 6-pye apa de lòt moun yo
- Evite reyinyon fas-a-fas yo— sityasyon kritik egzije diskisyon an-pèsòn dwe swiv distans sosyal la
- Óganize tout reyinyon yo atravè apèl konferans, si posib. Pa konvoke reyinyon ki gen plis pase 10 moun. Rekòmande itilizasyon telefòn selilè, tèks, reyinyon sou entènèt ak apèl konferans pou diskisyon pwojè
- Tout reyinyon endividyèl ekip travay la / reyinyon an ta dwe fèt deyò epi yo dwe swiv distans sosyal
- Tanpri kenbe tout ekip yo nan yon minimòm 6 pye apa an toutan pou elimine posib kontaminasyon
- Nan chak reyinyon enfòmasyon / zouti pou pale, yo mande anplwaye yo si yap eksperimante nenpòt sentòm, e yo te voye yo lakay yo si yo
- Chak chantye travay ta dwe gen konsiy sekirite ak gid enstriksyon sou kijan pou lave men pou COVID-19
- Tout etablisman twalèt yo/ twalèt pòtatif yo ta dwe netwaye e estasyon lave men yo dwe netwaye e yo dwe gen savon, jèl dezenfektan pou men ak sèvyèt an papye
- Tout sifas yo ta dwe netwaye regilyèman, sa ki gen ladan sifas, manch pòt, òdinatè pòtab, elatriye.
- Tout zòn komen ak zòn reyinyon yo dwe netwaye regilyèman ak dezenfekte omwen yon fwa pa jou preferableman de fwa pa jou
- Asire ou itilize pwòp boutèy dlo w, epi pa pataje
- Pou evite kontaminasyon ekstèn, nou rekòmande pou tout moun pote manje soti lakay yo
- Tanpri kenbe separasyon distans sosyal pandan peryòd repo ak repa
- Kouvri touse oswa etènne avèk yon mouchwa, apres a jete mouchwa nan fatra epi lave men w, si okenn mouchwa pa disponib kidonk touse nan koud ou
- Evite manyen zye w, nen, ak bouch avèk men w
- Pou evite pataje mikwòb, tanpri netwaye lè ou fini. PA rann lòt moun responsab pou deplasman, dezanbale ak anbale efè pèsònèl ou
- Si oumenm oswa yon manm fanmi santi l malad, rete lakay ou!

Pratik Prevansyon sou Risk nan Chantye travay

- Nan kòmansman chak chif travay, konfime avèk tout anplwaye yo ke yo an bòn sante
- Nou pral ba ou règleman 100% sou gan apati jodia jiska nan lavni. Tout travayè konstriksyon yo gen obligasyon pou mete gan rezistan ki koupe oswa ekivalan
- Itilize yon pwoteksyon zye (linèt sekirite/ekran pou figi) rekòmande
- Nan kondisyon travay kote distans sosyal obligatwa enposib pou atenn anplwaye ki afekte yo pral jwenn materyèl PPE enkli jan sa apwopriye yon mask estanda pou figi, gan, ak pwoteksyon pou zye
- Tout anplwaye yo ta dwe kondwi pou ale travay/zòn pakin nan yon veyikil ki gen yonsèl moun. Kontraktè yo / Anplwaye eta pa ta dwe monte menm veyikil la ansanm
- Lè wap antre nan yon machin oswa veyikil ou pa sèten si ou te dènye moun ki te monte l, asire ou netwaye pòt andedan ak deyò avèk dezenfektan anvan ou antre
- Nan ka kote li posib, travayè yo ta dwe kenbe separasyon 6 pye youn de lòt dapre direktiv CDC
- Aktivite plizyè moun pral limite lè sa posib (aktivite pou de moun)



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



B. PWOTEKSYON SANTE ANPLWAYE

- Gwo zòn rasanbleman sou chantye a tankou zòn kabann ak zòn repo pral elimine e alapas yo pral itilize ti zòn poz yo avèk chèz limite pou asire distans sosyal
- Kontakte moun kap fè netwayaj pou biwo trelè w oswa espas biwo ak asire yo genyen pwosesis sanitasyon apwopriye sou COVID-19. Pwosesis sanitasyon, ogmante vizit netwayaj yo a chak jou
- Netwaye tout wo sifas kontak yo nan minimòm de fwa pa jou nan fason pou diminye pwopagasyon mikwòb nan zòn yo kote moun manyen souvan. Sa a gen ladan men li pa limite nan biwo, òdinatè pòtab ak veyikil yo

Estasyon Lavaj

- Tout pwojè ki spesifik nan chantye a avèk chantye konstriksyon deyò san aksè imedyat nan yon saldeben enteryè DWE enstale Estasyon Lavaj yo.
- Enstale estasyon pou lave men avèk dlo cho, si posib, ak savon nan bouch ensandi oswa lòt sous dlo yap itilize pou lave men souvan pou tout anplwaye yo ki sou chantye a
- Tout travayè yo ki sou chantye a dwe ede mentni ak kenbe estasyon yo pwòp
- Si yon travayè remake savon oswa sèvyèt preske fini oswa fini, enfòm sipèvizè yo imedayman
- Yo pral mete bokit fatra yo akote estasyon lave men yo pou yo jete mouchwa an papyè yo/sèvyèt
- Fè tout sa ou kapab pou kenbe bon sante w: lè ou dòmi yon kantite tan sifizan; manje yon repa balanse, bon jan kalite rejim, evite alkòl; ak konsome anpil likid
- Tanpri remake: Dokiman sa a pa gen entansyon pou ranplase okenn pwosedi fòmalize ki aktyèlman anplas avèk Kontraktè Jeneral la
- Kote gid sa yo pa satisfè oswa depase estanda yo Kontraktè Jeneral la te etabli, tout moun ta dwe konfòme nan pwosedi ki pi estrik ke posib ki disponib
- Yon ofisye spesifik COVID-19 ki nan chantye a (ki kapab egalman Ofisye ki responsab Sekirite ak Sante) ap deziyen pou chak chantye
- Ofisye spesifik COVID-19 nan pwojè chantye Kontraktè a pral soumèt yon rapò alekri chak jou bay Reprèzantan Pwopriyete a. Ofisye COVID-19 pral sètifye ke Kontraktè a ansanm avèk tout sou-kontraktè yo ap respekte plènman direktiv sa yo

Nenpòt pwoblèm non konfòmite avèk gid sa yo ap yon baz pou sispansyon travat. Kontraktè a ap gen obligasyon pou soumèt yon plan daksyon korektiv ki detaye chak pwoblèm non konfòmite ak yon plan pou pou rektifye pwoblèm nan(yo). Kontraktè a pa p gen pèmasyon pou l rekòmanse travay jiskaske Pwopriyete a apwouve plan an. Nenpòt lòt pwoblèm non-konfòmite ka sijè nan aksyon kont estati prekalifikasyon ak sètifikasyon kontraktè a

Limite Ekspozisyon

Travayè yo ta dwe swiv Gid Jeneral sou Chantye a pou Anpeche Ekspozisyon & Limite Transmisyon Viris COVID-19 Gid Pwoteksyon Sante Anplwaye, ak gid prevansyon

Anplis, Kontraktè yo ta dwe enfòm travayè yo sou pi bon pratik pou limite ekspozisyon deyò chantye konstriksyon an

Lè ou kite yon chantye konstriksyon pou poz, repa, oswa lòt rezon yo mande pou lave men avèk savon pou omwen 20 segonn oswa itilize yon dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% etanòl oswa 70% izopwopanol anvan ou kite chantye a e yo dwe kenbe distans sosyal ak mete yon mask pou figi si li vwayaje nan lòt kote andeyò chantye konstriksyon an. Yo ta dwe ankouraje lave men souvan ak oswa itilize dezenfektan ki a baz alkòl ta dwe disponib ak pare nan chantye travay yo

Pou travay konstriksyon ak renovasyon nan konstriksyon fanmi rezidansyèl 1-3 fanmi, seksyon B ap modifiye nan fason sa a:

- Kontraktè a pa bezwen deziyen yon ofisye spesifik COVID-19 sou chantye a (ki kapab tou Ofisye sou Sante ak Sekirite) pou chak chantye si gen 5 oswa mwens travayè nan nenpòt kilè. Olye de sa, kontraktè a ka deziyen yon Ofisye COVID-19 pou tout ti chantye yo nan yon vil oswa vilaj done ki pral an kontak chak jou avèk chak nan chantye yo pou asire ke kontraktè a ak tout sou-kontraktè yo an konfòmite total avèk gid sou sekirite sa a. Ofisye sekirite COVID-19 sa a pral prepare yon rapò alekri chak jou kap kouvri tout ti chantye yo nan chak vil oswa vilaj epi fè yon kopi sou rapò sa ki disponib nan yon otorite minisipal/oswa pwopriyete rezidans lan sou demann


Si pwojè a gen etablisman twalèt/twalèt pòtatif yo dwe netwaye e yo dwe founi estasyon pou lave men avèk savon, dezenfektan pou men ak sèvyèt an papyè. Pou konstriksyon yo ki andeyò chantye yo san aksè dirèk avèk yon saldeben enteryè, kontraktè yo dwe swa enstale Enstalasyon pou lave avèk dlo cho, si posib, ak savon nan bouch ensandi yo oswa lòt sous dlo ke yap itilize pou lave souvan pou tout anplwaye ki sou sit yo oswa bay chak anplwaye ak sou kontraktè avèk yon kantite sifizan dezenfektan pou men pou pèmèt plis lave men



C. KONSTRIKSYON AK RENOVASYON NAN REZIDANS 1-3 FANMI



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



D. PWOTOKÓL ENFEKSYON TRAVAYÈ

Jan li deklare anba, gen yon zewo tolerans pou travayè ki malad yo vin travay. Yo ta dwe bay anplwaye yo enstriksyon ke menm avèk ti sentòm leje enfeksyon respiratwa (tous, souf kout, malgòj) oswa fyèv pa ta dwe vin travay. Kontraktè yo ta dwe pran mezi imedyat pou limite enfeksyon nan chantye travay la nan ka yo ta dekouvri yon travayè teste pozitif pou COVID-19 oswa te gen sentòm ki gen rapò avèk COVID-19

Byenke nou konprann ke kontraktè yo ap ranfòse Pratik Prevansyon sou Chantye Travay yo sa ki gen ladan distans sosyal ak itilizasyon PPE, ki konsistan avèk gid direktiv yo, yo rekonèt tou ke ka genyen okazyon kote yon moun ki teste pozitif pou COVID-19 oswa ki genyen sentòm COVID-19 te prezan nan yon zòn travay

Idantifikasyon rapid ak izolasyon potansyèl moun ki enfekte a se yon etap enpòtan nan pwoteje travayè, founisè, vizitè, ak lòt moun nan yon chantye travay

Idantifikasyon Ekspozisyon an

Kontraktè a pral mande travayè yo ki gen sentòm ki gen rapò avèk COVID-19 pou kite chantye a imedyatman ak kontakte pwofesyonèl swen sante yo. Depatman Sante Massachusetts (DPH) oswa yon komisyon sante lokal pral pran notifikasyon apwopriye pou moun sila yo ki te gen kontak dirèk pwolonje avèk travayè pozitif avèk COVID-19 yo

Kontraktè a pral travay avèk komisyon sante lokal la pou idantifye nenpòt posib ekspozisyon sou chantye a, sa ki gen ladan:

- Lòt travayè, founisè, enspektè, oswa vizitè yo nan chantye travay la avèk kontak pwòch avèk moun lan
- Zòn travay tankou kabinè apwovizyonman ak estasyon travay oswa sal yo te deziyen
- Zouti travay ak ekipman
- Zòn komen yo tankou sal repo ak tab, distribitè otomatik, ak etablisman sanitè

Egzijans Notifikasyon ak Karantèn

Jan li founi dapre lalwa, idantite travayè a dwe rete konfidansyèl

Depi nou fin konnen yon enfeksyon, kontraktè a dwe imedyatman enfòmè ofisye sekirite ki deziyen pou COVID-19, ofisye sekirite chantye a, ak pwopriyetè a

Egzijans Sanitasyon

Aprè yo fin mande yon travayè ki gen sentòm ki gen rapò avèk COVID-19 pou kite chantye travay la, kontraktè a dwe pran aksyon imedyat pou dezenfekte zòn komen ak plas travay dirèk yo. Sa a gen ladan tout etablisman twalèt yo sou chantye a, nenpòt etablisman poz, ak nenpòt lòt zòn komen yo sou chantye travay la ki te ka gen yon kontak pwòch avèk yon travayè ki enfekte

Sanitasyon pral fèt avèk pèsònèl, ekipman, ak materyèl ki apwouve pou sanitasyon COVID-19

Zòn ki idantifye yo ta rete izole de travayè yo jiskaske pwosesis sanitasyon an te fin konplete epi yo jij zòn nan ansekirite pou itilize

Retounen Travay

Tout travayè ki afekte yo ta dwe swiv etap CDC ak DPH rekòmande pou travayè yo retounen nan travay. Travayè yo kap konsidere kontak pwòch nan yon ka COVID-19 nan otorite sante piblik yo pa ta dwe retounen pandan 14 jou e yo ka sijè nan karantèn pa sante piblik.

Travayè yo ki kite pandan jounen travay la akòz sentòm nan COVID-19 epi devlope COVID-19 jan li konfime pa tès laboratwa oswa dyagnostik pa yon founisè swen sante pa dwe retounen sou chantye a jiskaske swa li soti nan izolasyon pa yon founisè swen sante oswa pa yon otorite sante piblik

Nan tout ka yo

- Kenbe non tout anplwaye yo konfidansyèl jan li obligatwa dapre lalwa
- Yo ka voye lòt anplwaye yo lakay yo pandan yap netwaye yon espas travay men yo pral retounen nan travay apre yo fin netwaye sof si yo te avize otreman pa yon pwofesyonèl swen sante
- Yo ta dwe mande lòt anplwaye yo pou kontakte pwofesyonèl swen sante yo si yo gen nenpòt kesyon
- Fè lòt anplwaye yo sonje pou yo kontinye pratike bon jan kalite sanitasyon ak kontwòl sentòm tankou grip